# 1 रुय्यां बला बिलाड़ि ताकब

## आउ गबै छी



















© NCERT not to be republished

आबि जो,आबि जो,आबि जो रुय्यां
बला बिलाड़ि, आबि जो हमर
कलशकैं **नीचांसँ**
नोचलही,देखलियौ
हमर गाड़ीक **ऊपर** खेलै छें,
देखलियौ रुय्यां बला बिलाड़ि, तों
हमरा ल’ग आबि जो।







टोपीक **ऊपर** छें, तोरा देखलियौ
रुय्यां बला बिलाड़ि, तों हमरा ल’ग
आबि जो।

पटियाक **नीचां** नुकेलें, देखलियौ
हमर दुलरी बिलाड़ि, तों हमरा ल’ग
आबि जो।

एहि कविताकैं ज़ोरसँ पढ़ू।बच्चा सभकैं एकर जोर ज़ोरसँ पढ़बा लेल आ प्रस्तुति देबा लेल कहियौ। बच्चा सभ चित्र देखि कए ई चर्चा करथि आ बताबथि।
जे की ऊपर छै,की नीचां छै,की ऊपर ,की भीतर ?
अपन ल’ग-पासक जानवर,जेना बिलाड़ि,कुकुर,गाय आदि पर चर्चा करबा लेल बच्चा सभकैं प्रोत्साहित करू।



© NCERT not to be republished

## कविताक संग देल चित्र सभकैं देखि सही शब्दकैं घेरू।

क. **लाल** गेन बिछाओन **पर/बिछाओनक ऊपर/भीतर** छै।
ख. बिलाड़ि गाड़ीक **भीतर/बाहर/ऊपर** छै ।
ग. आदमी गाछक **ऊपर/नीचां/भीतर** सूतल छै।
घ. गाय घ’रक **भीतर/बाहर/ऊपर** छै ।


## सोचू आ उत्तर दियौ-

क. अहाँ अपन जुत्ता कतय रखैत छी? घ’रक भीतर/बाहर
ख. अहाँ कूड़ा -कचरा कतय फेकैत छी? कूड़ादानक भीतर/बाहर

## आउ खेलैत छी आ चीज-वस्तु तकैत छी

बच्चा सभ अपनाकैं दू समूहमे बॉंटि लेथु ।एकटा समूह किछु चीज, जेना उज्जर खड़िया(चॉक) लाल गेन आ दोसर समान नुकाबथि आ दोसर समूह ओहि समानकैं ताकथि ।शिक्षक बच्चा सभकैं स्थानीय शब्दक प्रयोग करैत मौखिक निर्देश देथि,जेना भीतर ,बाहर, दूर ,ल’ग ऊपर ,नीचां आदि ।

उदाहरण लेल:



- ओहि उज्जर **समानकैं** ताकू जे तख्ता ल’ग आ टेबुलक **नीचां** नुकायल छै।
- ओहि लाल समानकैं ताकू जे कक्षाक बाहर आ गाछक नीचां छै।

© NCERT not to be republished


## आउ गेनक फेकम-फेकाइ खेलै छी


प्रत्येक बच्चाकैं निशाना लगाक' गेनकैं डलियामे फेकबाक छै। जँ गेन भीतर गेल त' बाकी बच्चा सभ **(भीतर)** कहतै आ जँ गेन बाहर गेल त' बाकी बच्चा सभ **(बाहर)** कहतै ।



## आउ करैत छी

क. जे चीज सभ भीतर छै ओहि पर सहीके निशान ✓ लगाउ।





शिक्षक एहि गतिविधिक संचालन एहि तरहैं करथि कि सभ बच्चा फराक- फराक क्षमता बला होइतो खेलमे संलग्न होइ। उदाहरण लेल बच्चाकैं कहि सकैत छी जे एकटा घुंघरूकैं गेन पर बान्हि कए डलियामे फेकू आ ओकरे चिक्कन फर्श पर फेकू। दूनूक आवाजमे अंतरकैं बूझू।



© NCERT not to be republished

ख. जे चीज सभ बाहर छै ओहि पर सहीके निशान ✓ लगाउ।






ग. चित्रकेँ देखू आ उचित शब्द पर सहीके निशान ✓ लगाउ।

i. एकटा बच्चा गाछक ऊपर/नीचां बैसल छै।

ii. चिड़ै सभ गाछ पर/ गाछकनीचां बैसल छै।



घ. नाकक नीचां मुस्कुराहट आ आंखिक ऊपर भौं बनाउ।



© NCERT not to be republished

ङ. एहि राष्ट्रीय ध्वजकैं देखू जकरा तिरंगा सेहो कहल जाइ छै। एहिमे कतेक रंग छै? समुचित विकल्प पर सहीके निशान ✓ लगाउ।

i. तिरंगाके सभसँ **ऊपरी** भागमे कोन रंग छै?
**उज्जर/ हरियर /केसरिया**

ii. तिरंगामे उज्जरके **नीचां** कोन रंग छै?
**गुलाबी/ हरियर /केसरिया**

iii. तिरंगामे हरियरके ऊपर कोन रंग छै?
**उज्जर/ पीयर /केसरिया**

iv. तिरंगामे अशोक चक्र कतय छै?
**एक कोनमे/बीचमे/एक भागमे**



बच्चा सभहक संग राष्ट्रीय ध्वज कहिया, कियैक आ कतय फहराओल जाइ छै,एहि पर चर्चा करू। राष्ट्रीय उत्सवक विषयमे बच्चा सभकैं अपन विचार व्यक्त करए दियौ।बच्चा सभकैं तिरंगा बनबए कहियौ आ ओकरा सोझां सावधान मुद्रामे ठाढ़ भए राष्ट्रीय गान गयबाक निर्देश दियौ।



© NCERT not to be republished

## छुक छुक छुक चलै छै रेल

छुक छुक छुक छुक चलै छै रेल
पहाड़क ऊपर  चलै छै रेल
मैदानी भागमे चलै छै रेल
छुक छुक चलै छै रेल
हमर डिब्बासँ **पहिने** डिब्बा
हमर डिब्बासँ **बादमे** डिब्बा
बनि गेलैये बड़का चेन
नदीक ऊपर चलै छै ट्रेन
पानि-बिहाड़िमे चलै छै ट्रेन
छुक छुक छुक चलै छै रेल



क. इंजन के **बाद** कतेक डिब्बा छै?

ख. **लाल** डिब्बाक **पहिने** कतेक डिब्बा छै?

ग. **नारंगी** डिब्बाक **बादक** डिब्बामे नारंगी रंग भरू।

घ. **नीला** डिब्बाक **पहिनेक** डिब्बामे नीला रंग भरू।

बच्चा सभकेँ अपन रेल यात्राक अनुभव बंटबा लेल कहू।जे बच्चा कहियो रेलक यात्रा नहि केलक ओ रेल यात्राक विषयमे सवाल कए सकैत अछि। रेल की थिक?,एहि पर एकटा चर्चा करू। बच्चा सभकेँ कागद पर रेलक चित्र बनबए कहियौ।अथवा अवशिष्ट चीज सभ,जेना उपयोग कएल डिब्बा आ कैन आदिसँ रेल बनबा सकै छी।



© NCERT not to be republished

## आउ खेलैत छी

बच्चा सभ कविता पढ़ैत एकटा खेल खेलत जतय ओ सभ एक-दोसराक कान्ह पकड़ि कए एकटा ट्रेन बनाओत। प्रत्येक बच्चा ई बताओत कि ट्रेनमे प्रत्येक बच्चाक पहिने आ बादमे कोन बच्चा अछि।




सुवाली आ रोहित वस्तु सभहक समूह बना रहल अछि।





बच्चासभकैं बीआ, पत्ता, मोती आदि सनहक वस्तुक श्रेणीकरण करबाक अवसर दियौ।

© NCERT not to be republished

## आउ हम करै छी

सुवाली सभटा बटनकैं तीन समूहमे रखलक अछि।



सुवाली एहन समूह किऐक बनौलक?

सुवालीकैं ई बटन सभ दोसर तरीकासँ क्रमबद्ध करबामे आ ओकरा चित्रित करबामे सहायता करू।

## परियोजना कार्य

स्थानीय शब्दावलीक उपयोग करैत, जेना दू समान उपरका छज्जा पर एक समान निचला छज्जाक ऊपर राखू -एहि तरहैं बच्चासभकैं कक्षाक अलमारी व्यवस्थित करबाक निर्देश दियौ।

© NCERT not to be republished